



Egzamen final Nivo SIVIV

Non w _____

A) Chwazi yon atik pour chak mo

1. Kiyè
2. Kousen
3. Kouto
4. Egzanp
5. direksyon
6. Kwizin
7. Lanp
8. Timoun
9. Limyè
10. Trafik
11. Telefòn
12. Twalèt
13. Kamyon
14. Chanm
15. Repons

B) Li istwa sa a, epi konplete fraz yo.

Anpil Pwoblèm.

Èske w ta renmen sa k te pase m semèn pase a? Anpil pwoblèm.

Mwen _____ (leve) an reta paske alam mwen an pa t 'sone. Mwen _____ (leve) byen vit epi mwen _____ (benyen). Mwen te grangou anpil, mwen pa t menm gen ase tan pou m _____ (manje).

Mwen _____ (kondwi) machin mwen an vit, pou m pa rive ta nan travay mwen, e sa te lakoz mwen pa byen gade limyè trafik yo. Mwen _____ (manke) wè ke limyè a te wouj.

Aprè sa, pandan mwen _____ (kondwi) vit, bordsoukou yon polisye sou gwo motosiklèt _____ (pase) m', epi li di m mwen dwe kanpe..



"Oh, monchè! Tèt chaje.". Polisye a jis _____ (kanpe) moto li devan machin mwen an. Li desann motosiklèt li epi li pwoche bò kote m.



Li _____ (di) m ke mwen _____ (kanpe) nan limyè wouj la. Pandan m _____ (soti) nan machin mwen an, li di m: Èske mwen ka wè lisans kondwi w ak papye w yo, tanpri?"

Mwen _____ (eseye) jwenn bous mwen kote mwen gen lisans kondwi mwen ak papye yo. Men, bous la _____ (ye) 'la. Mwen tcheke valiz mwen nan machin nan. Li pa t 'la tou.

"Eskize m, Ofisye. Mwen pa gen bous mwen. Mwen _____ (kite) l lakay mwen. Mwen vrèman prese," mwen te di l. Natirèlman polisye a pa ta koute eskiz sa yo. Li te di m pou m 'tounen lakay mwen epi al chèche lisans kondwi a ak papye m yo. Li _____ (di) mwen te kapab kite machin mwen an la epi li ta tann.



Erezman mwen _____ (gen) kèk kòb nan lòt pòch mwen. Mwen pran yon transpò piblik epi mwen tounen lakay mwen. 30 minit apre mwen tounen nan machin mwen an. Mwen _____ (montre) polisye a lisans kondwi mwen ak papye yo, epi li te _____ m yon aman pou pase limyè wouj la.

Lè m 'te monte nan machin nan ankò, lè a te 09.55. Mwen _____ (ye) an reta, trè an reta, mwen te kapab imajine bès tre fache ak mwen.

Se konsa, mwen te kondwi rès vwayaj la anpil rapid.

Lè mwen _____ (rive) nan biwo mwen an, mwen sezi. Pòtay biwo a _____ (ye) fèmen e mwen pa wè pèsonn la. Pòt prensipal la te fèmen tou.

E lè sa a mwen te rann mwen kont ke se te dimanch.

C) Konplete fraz yo avèk yon vèb ki nan lis sa a.

Gen / fè / pran / poze / mete /

- 1) Lè ou pale ak bos nou, pa bliye _____ aksan sitou sou ide prensipal yo. Se ide sa yo ki pi enpòtan.
- 2) Junior, mwen pa konnen moun sa yo. Ou kwè yo? Wi. Ou ka _____ asirans ke se bon moun yo ye.
- 3) Mwen pa renmen ou pase tan avèk konpayon lekòl ou. Mwen panse ou dwe _____ distans ou ak yo.
- 4) Kounye a ke nou pral soti baby, ou dwe _____ yon mas nan vizaj ou.
- 5) Èske ou ka _____ m sonje ke mwen dwe pale ak Jan demen tanpri?
- 6) Ou dwe _____ detèminasyon pou w sispan fè sa.
- 7) Lè li te rele m, li te _____ m sezi.
- 8) Li nan lopital paske li te _____ yon bebe



- 9) Anplwaye yo te gen enstriksyon ki klè, men yo te _____ rebèl..
- 10) Èske mwen ka _____ ou yon kesyon sou sa?
- 11) Kounye a, nou dwe _____ an pratik sa nou te aprann nan klas la.
- 12) Pami moun ki rebèl yo, se Frank ki te _____ latèt.
- 13) Mwen pa konnen repons lan, m ap _____ rechèch.
- 14) Fason w ap pale a vrèman raz! Ou dwe _____ vi nan sa w ap di a!
- 15) Ki jan ou fè konnen si patnè ou _____ sousi pou ou?

D) Konplete fraz yo avèk yon posesif.

1. Mwen te achte telefòn sa ane yè. Li se _____.
2. Kay sa a se pa pou Simson. Li se _____.
3. Sa a se manje pa m. Se sa ki _____ la.
4. Mwen g'on chen tou. Men chen _____ pa tèlman gwo.
5. Mwen panse mwen te wè Jan kite plim sa a. Mwen panse ke li se _____.

E) Ekri kèk fraz pou rankonte:

- 1) Sa ou te fè Dimanch pase.
- 2) Sa ou ta renmen fè ane pwochen
- 3) Sa ou te konn fè lè ou te yon timoun.